ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
ЖОҚАРҒЫ КЕҢЕСИ ЖАНЫНДАҒЫ
СОЦИАЛЛЫҚ ШЕРИКЛИК БОЙЫНША
ЖӘМИЙЕТЛИК КОМИССИЯСЫНЫҢ

ҚАРАРЫ

ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ
ЖЎҚОРҒИ КЕНГЕСИ ҲУЗУРИДАГИ
ИЖТИМОИЙ ШЕРИКЛИК БЎЙИЧА
ЖАМОАТ КОМИССИЯСИНИНГ

ҚАРОРИ

№ 03

«30» мая 2024 ж.й.

**Мәмлекетлик грант бойынша жәрияланған 2-таңлаўдың жеңимпазларын анықлаў, жәмийетлик фондтың усы жылғы сақлаў қәрежетлерине ҳәм майыплар ассоциациясына қаржылар ажыратыў ҳаққында**

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен “Жаслар ҳәм бизнести қоллап-қуўатлаў жылы” мәмлекетлик бағдарламасын орынлаўда “Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў” атамасында мәмлекетлик грант ушын жәрияланған 2-таңлаўға 6 бағдар бойынша жәми 51 жойбар келип түсти.

Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер, ғалаба хабар қураллары ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларының бағдарламасы ҳәм жойбарларының социаллық ҳәмде улыўма әҳмийетин анықлаў бойынша исши топардың үйрениўлери нәтийжесинде, сондай-ақ, комиссия ағзалары тарепинен берилген даўыслар тийкарында 2-таңлаўдың жеңимпазлары анықланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы жәмийетлик фондының усы жылғы сақлаў қәрежетлери ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Майыплар ассациациясына, май-июнь айлары ис-ҳақысы ушын мәмлекетлик грант қаржылары есабынан 51 млн. сўм қаржы ажыратыў бойынша усыныслар мақулланды.

Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы Социаллық шериклик бойынша жәмийетлик комиссиясы

**ҚАРАР ЕТЕДИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен мәмлекетлик грант бойынша жәрияланған 2-таңлаў жеңимпазлары комиссия ағзалары тәрепинен берилген даўыслар тийкарында қосымшаға муўапық жеңимпаз деп табылсын.

2. Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды (П.Турдымуратов):

- мәмлекетлик грантларды ажыратыўдың тәртиби ҳәм шәртлери ҳаққындағы Режеге муўапық мәмлекетлик грант бойынша жәрияланған 2-таңлаўда жеңимпаз деп табылған мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлер менен мәмлекетлик грант ажыратыў ҳаққында шәртнамалар дүзиў ҳәм тийисли тәртипте қаржыландырыў;

- Жәмийетлик фондтың рәсмий веб-сайтында мәмлекетлик грант бойынша жәрияланған 2-таңлаў нәтийжесин жәриялаў, таңлаў жеңимпазларына сертификатларды белгиленген мүддетлерде таярлаў ҳәм салтанатлы түрде тапсырыў илажларын көрсин.

3. Жәмийетлик фондтың усы жылғы сақлаў қәрежетлери ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Майыплар ассациациясына, май-июнь айлары ис-ҳақысы ушын мәмлекетлик грант қаржылары есабынан 51 млн. сўм қаржы ажыратылсын.

4. Усы қарардың орынланыўын қадағалаў Жәмийетлик комиссия баслығының орынбасары, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары Р.Нуразизовқа жүкленсин.

*Тийкар: Жәмийетлик комиссия мәжилисиниң протоколы.*

**Комиссия баслығы** **Т.Романов**

Қарақалпақстан Республикасы
Жоқарғы Кеңеси жанындағы
Социаллық шериклик бойынша
жәмийетлик комиссияның
03-санлы қарарына
қосымша

**Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңеси жанындағы мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемлерди ҳәм пуқаралық жәмийетиниң басқа да институтларын қоллап-қуўатлаў жәмийетлик фонды тәрепинен мәмлекетлик грант бойынша жәрияланған 2-таңлаўда жеңимпаз деп табылған**

**ЖОЙБАРЛАР**

| № | Мәмлекетлик емес коммерциялық емес шөлкемниң атамасы | Жойбар атамасы | Қаржы муғдары *(сўмда)* |
|---|---|---|---|
| 1. | "Өзбекстан мәденияты, спорт ҳәм туризм хызметкерлери Кәсиплик аўқамы Қарақалпақстан Республикасы бирлескен комитети | "Аудио китап тыңлайық" | 97 800 000 |
| 2. | Нөкис қаласы "Наўрыз" мәкан пуқаралар жыйыны | "Мәҳәллемди абат етемен" | 94 100 000 |
| 3. | Өзбекстан исбилерменлик ҳәм фермерликти қоллап-қуўатлаў орайы ҚР бөлими | "Бизнеске биринши қәдем" | 100 000 000 |
| 4. | Шоманай районы "Айбүйир" МПЖ | "Шебер қыздың өнери" | 100 000 000 |
| 5. | ҚР "Жаслық" Аймақлық Изертлеў орайы жәмийетлик бирлеспеси | "Жәмийеттиң инновациялық раўажланыў басқышында жаслардың идеологиялық қәўипсизлигин тәмийинлеў" | 100 000 000 |
| 6. | "Көркем өнер ҳәм мәденият хабаршысы" журналы | "Дослықты жырлаймыз" | 100 000 000 |